Rewum Italie

MINISTERO DELL'INTERNO

euaa EUROPEAN UNION AGENCY FOR ASYLUM

# SAY ÀQ AK SA YELLEEFI DALAL CI LI AJU CI DOXALIINU ASILE CI FOROÑCEER BI



Xibaar bii soxal na la bu fekkee ni:

- Ab mag nga (ku am lu ëpp 18 ci ay at)
- bindu woon nga ngir am kaarange bitim réew (ñu gën ko xamee ci làqquwaay) ci rewum Italie te léegi ab wey-bindu nga buy wut kaarange bitim-réew.

# LI TEERE BI LÀQQ


lan mooy dalal? 3

Fan ngay dëkk? 6

Lan ngay jot? 7

Sañ-sañ ci wergi yaram 8

Sañ-sañ ci jàng ñeel xale yi 11

Jàng ay làkk ak tàggat ci ligeey 12

Yan sañ-sañ nga am ci fi nga dëkk? 13

Anam yi mëna teeyee aji bindu 14

Yan ñooy say wareefu dalal? 15

Lan mooy xew boo sàmmoowul ak say wareef? 16

Lan mooy xew boo tukkee ci beneen réew mu bokk ci réew yu booloo yu órob wala ci réew yi ànd ak ñoom ci ay doxalin ludul ndigalu kilifa yi? 17

Mën nga fësal sa ñàkka nàngu ci ab dogal bu tukkee ci kilifa gi 18

Mën nga jot ndimbal ci wàllu yoon -

Say xibaari jokkoow -


# LAN MOOY DALAL?

Dalala mooy ndimbal yi ngay am boo bindoo ci diir bi ngay xaarandi kilifa nguur gi saytu sa bindu ngir kaarange bitim réew. Bokk na ca àq yi ak yelleef yi ci wàllu dalal ak wareef yi ñu la leeralal ci

Ci rewum Italie kilifa yi yor wallum dalal gui moy kilifa biir deuk bi path mome sa bop akk wallum adji touki bi préfecture bou gouvernemang bii.

Kilifa yi yor wallum ciambar sa ladj kiray moy  diotayou mbollem gni nekk si deuk bi te amm kham kham di tiaytou wallum ladj bingua ladj kiray wa deuk bi kham

Liggéeykat yi dinañu sàkku ci yaw nga saxal te xaatim ni jot nga xibaar yi nekk ci téere bii. Laajal liggéeykati ay laaj bu fekkee amna lu leerul.



**Yaa ngi ci kaarange ci biir réew mii.**

Diir bi ngay dal, ligeeykatu dinañu la xamal ci mbir yi ci dalal ak ndimbal yi jàppandi ngir yaw buñu sukkandikoo ci sa tolluwaay.



Mën nga sàkku tamit ci yeneen kureel ay xibaar ak ay ndimbal ci lu amul fay. Mën nga gis fi ñu bind kureel yi ci mujjàntalu téere bii.



**Ab fifikatu lakk** dina la dimbali ci nga wax ak liggéeykat yu ci làkk boo degg, bu ko laajee. Firikatu làkk bi du nettali kenn li nga wax. Ndibal bobou meune naniouko deff sakh bolene bokoul finguene nekk si ndimbalou internet bi . Khibar yi fay diogue meune naniouko bokk akk kilifayi yi sekk mbir mi.

**Téere bii dafay leeral sa sañ-sañ ak yelleefi dalal bi ngay amal sa doxaliinu asile. Mën nga am ay xibaar ci li aju ci kaarange bitim réew ci doxalinu asile ci foroñceer bi ak tërëlin yi ñu wara topp ci yeneen téere.**

**Yaa ngi léegi ci rewum Italie mi nga xam ni bokk na ci Réew yu booloo yu Órob wala ci réew yi ànd ak ñoom ci ay doxalin.**
**Réew yu booloo yu Órob ak réew yi ànd ak ñoom ci ay doxalin ñooy:**

- 27 réew yi bokk ci Réew yu booloo yu Órob (EU): Allemagne, Autriche, Belgique, Bulgarie, Chypre, Croatie, Danemark, Espagne, Estonie, Finlande, France, Grèce, Hongrie, Italie, Lettonie, Lituanie, Luxembourg, Malte, Pays-Bas, Pologne, Portugal, République d'Irlande, Roumanie, Slovaquie, Slovénie, Tchéquie, Suède ak

- Yeneen 4 réew: Islande, Liechtenstein, Norvège, Suisse.

## Ñu bàyyi ci xel!

Wey bindu yi ñoo niroo ay xeetu àq ak yelleef aki wareef ci bepp réew bu bokk ci réew yu booloo yu Órob ak réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin.

Am na ay tërëlin ci mbiri bindu mi ngir làqquwaay ak ci mbiri tukki ci yeneen réew yu réew yu booloo yu órob wala ci réew yi ànd ak ñoom ci ay doxalin.

- **Yaa ngi wara sàkkuwee làqquwaay ak bindu ci benn réew mu bokk ci réew yu booloo yu Órob wala ci réew yi ànd ak ñoom ci ay doxalin mi nga njëkka dal,** ludul kilifa yi dañu sàkku ci yaw leneen.

- **Benn ci réew yu booloo yu órob wala ci réew yi ànd ak ñoom ci ay doxalin rek ñoo wara saytu sa mbindu ngir làqquwaay.** Kilifa yi ci **rewum Italie dinañu topp tërëlin yi ngir jël dogal ban ci réew yu booloo yu órob wala ci** réew yi ànd ak ñoom ci ay doxalin moo wara saytu sa bindu ngir làqquwaay.

- **Da nga wara dalandi ci rewum Italie. Mënuloo tukki ci beneen réew mu bokk ci Réew yu booloo yu Órob wala ci réew yi ànd ak ñoom ci ludul ndigalu kilifa yi.** Boo demee, dina waral ay jeexital yu baaxul. Sa doxaliinu asile ci **rewum Italie di** nañ ko dakkal te di nañu jàppee sa bindu niki luñu dindi wala luñu nanguwul. Sa sañ-sañ ci dem ak dikk ci beneen réew mën nañu ko tënk wala mën nañ la jàpp te yenn ndimbal yi dina ñu ko taxawal.

## FAN NGAY DËKK?

Kilifa yi sek wallum thiambar karangue gane yi ladj kiray si deuk bi akk si biti dogal na ni dina ñu saytu sa bindu ngir am kaarange bitim réew ci doxaliinu asile ci foroñceer bi.

Diir bi ngay amal doxaliinu asile ci foroñceer bi **da nga wara dëkk ci ab barab bu xejkilu buñ la jagleel.**

**Da nga wara topp sàrti barab boobu ak sa téewaay ci barab bu xejjiku boobu mën naa doon/mooy luñuy xool saa su neek.**

Préfecturou deuk bi war nañu jokkoo ak yaw ci dogal biñ la defal ngir nga dëkk ci ab barab buñ la jagleel cig bind ci làkk bi nga dégg. Dinañu la xibaar ci say àq, say yelleef ak jeexital yu bon yi ciy am boo sàmmoo wul ak dogal bi.






Mën nga def rëkkur ci dogalu dëkkci ab barab bu xejjiku biñ la jagleel.

Mën nga laaj tkilifa yi [*turu kilifa gi*] ndax mën nga dal feneen ci diir bu gatt ci anam yu jeggi dayo. Kilifa yi mën na am ñu nàngu sa sàkkuteef am déet. Buñu nàngu wul sa sàkkuteef, mën nga bañ dogal bi ci kanamu yoon.

## LAN NGAY JOT?

Ci diir bi kilifa yi saytu sa bindu mi ngir am kaarange bitim réew, te buñu sukkandikoo ci sa tolluwaayu bopp ak sa tolluwaay ci wàllu xaalis, di nga jot:



- dëkkuwaay



- ay jumtukaay ci wàllu setu yaram



- dund



- ay yére



- xaalis ngir faj say soxla

# SAÑ-SAÑ CI ÑU TOPPATOO SA WERGI YARAM

Kilifa yi dinañu werlu ni jot nga toppatoo **wergi yaram bi war**. Mën na ca bokk ci misaal, seeti ab fajkat wala ab doktoor, saytu ay feebar yu metti ak tawat yu të yi, garab yu ab doktoor bind ak ay taxawu ci wergi-yaramu xel.





**Boo amee jafe-jafe ci wàllu paj, wax ko ligeeykat yi.**

Boo amee soxla bu jàmp ci wallu yoon wala ab gaañu-gaañu buy laaj paj mu jamp, wax ko ligeeykat yi

Meune ngua khol sa wergu yaram akk fadj Kate wala kiy dimbali doctor si wallum fadj bi

# Amnga sañ-sañu jot ndimbalu jagle boo amee ay soxla yoo jagoo.





**Xamalal ligeeyket yi bu fekkee ni:**

- danga tawat wala nga ame ay gaañ-gaañu
- danga ëmb wala dangaa mel ni ku ëmb
- danga am mbokk mu soxla ay ndimbal yu ñu ràññee
- danga ame laago (ci misaal, mënoo dox bu baax, ñàkka degg, gis-gis bu leerul)
- dangay nàqqari dereet lu bari, yoqqat wala am njàqqare, doo mëna nelaw wala dangay am ay xalaat yu bon
- dangay yëg ba leegi lorange fitnaal bu weesu wala toroxal
- danga jàpp ni nekku loo ci kaarange, dañu la tiital, wala danga am kooy ragal, moo xam ab doxandeem la wala nit koo xam
- dañu la defloo woon loo bëggul def wala ñu ngi la koy def loo
- da ngaa yëg ni nekkuloo ci kaarange ndax sa wàllu gëm-gëm, ndax ki ngay bëgganteel, wala ndax ni ngay solo wala ni ngay defee

Ndimbalu jagle bu liggéeykat bi mu xam soxla yi nga jagoo rekk lañu koy joxe.





Ligeeykat yuñu jaglel (ci misaal ay ligeeykat ci wàllu nekkin ci askan, ay fajkat ci wàllu xel) dinañu la laajay laaj ci:

- xaymaal say **soxla yu xejjiku**
- ràññeel **ban ndimbalu jagle** moo gën ci yaw.

Loolu lañuy woowee ab **saytu bu mëna tàbbi ci lorange/ saytu soxla yi nga jagoo.**

Ab firikatu làkk dina la dimbali ci nga waxee ci làkk bi nga degg, bu ko laajee.

Mën nañu la yóbbu ci sarwis/mbootaay yiñ jagleel aar.



**Saa su nekk jokkoowal ak ligeeykat yi** boo soxlawee ay ndimbalu jagle.

Di nga wey di jot ndimbal li fiilek kilifa yi ñi ngi jàpp ni soxla nga ko.

Mën nga wóolu doktoor bi, fajkatu bi ak ligeeykat yi ñu jagle yi te wax ak ñoom ci xel mu dal. Xibaar yepp dinañu leen denc ci sutura, maanaam duñu leen jox kenn ci ludul sa ndigal.

Fenn fuñu koy defee rek mooy bu fekkee ni sa bakkan wala bosu keneen daf ci aju.

# SAÑ-SAÑU JÀNG ÑEEL XALE YI

Xale yepp, góor ak jigeen, amagul 18 ci ay at am nañu sañ-sañ ci jàng.

Dina ñu jot ay ndimbal yu mel ni jàng ay làkk..



Ci rewum Italie, xale yépp yu am digante 6  ak 16 ci ay at dañoo wara dem ekooll.

**Waa-jur yi amna ñu wareefu yobb seeniy doom ekool.**

## YAN SAÑ-SAÑ NGA AM FI NGA DËKK?



- **Ngir nekk ci kaarange:** amul kenn, ba ci ñu bokk ci ligeeykat yi, ñu am sañ-sañ ci dila tiital, dila saaga wala dila gaañ.



- **ngir nekk ak sa jëkkar, sa jabar, say doom ak say mbokk yu amagul 18 ci ay at wala ab mag bu nekk sa mbokk bu soxla taxawu bes bu nekk.**
- **Ngir nekk aj say mbokk,** amul kenn, ba ci ñu bokk ci ligeeykat yi, ñu am sañ-sañ ci dila tiital, dila saaga wala dila gaañ.



- Ngir jot ndibal **ngir jokkoo** ak sa waa-kër te **nga jeem leen gis, boo xamul fuñu nekk.**.

**Mën nga bind ñaxtu bu jaar yoon boo gëmee ni:**



- kenn ci ligeeykat yi dila tiital, dila saaga wala dila gaañ.

Kilifa yi dinañu la yëgal naka lañuy defee ñaxtu bu jaar yoon.

Mën nga laaj saa bula neexee kilifa yi, mbootaay yu ajuwul ci genn nguur wala Bànqaas buy saytu mbiri dawlàqqu te aju ci mbootaayu xeet yi (UNHCR) ngir am xibaar yu gëna yaatu.

**Ñu bàyyi ci xel!** Boo sàmmoo wul ak dogal bi ñu jël ngir nga dëkk ci ab berab buñu ràññee ak tënk yi ñu teg, te ñuy ragal ni mën na am nga dawaat, mën na am ñu téeyé la.

## ANAM YI MËNA WARAL ÑU TEEYEE AJI BINDU

Téeye mooy tekki ni ñu teg la ci ab berab boo mënula genn nimula neexee. Kilifa yi warnañu am lu leer ngir mën laa téeye. War na leen wóor ni amul leneen luñu mëna def ci say mbir. Gni yor wallum karangue deuk bi dinaniou  jàngat sa tolluwaay balaa muy jël dogal.



Sababu téeye yi mën na nekk, ci misaal:

- yu am solo ci sa mbiri mbindu mi (ci misaal sa xibaari ràññeekaay) mënu ñu ko saytu te fekk téeye wuñu la.
- sàmmonté wuloo ak wareefi dëkk yi ci ab berab, te mën na am nga daw te kilifa yi duñu la mëna jotaat
- danga jot ab dogal ci ñu yobbu la ci réew bu bokk ci Réew yu booloo yu Órob yi wala ci réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin bu wara saytu sa bindu mi te fekk ñuy ragal nga daw balaa ñu lay yobbu
- kuñuy ragal nga ci wàllu kaarange.

Buñu la teeyee, am nga sañ-sañ ci ñàkka nàngu dogal bi ci wàllu yoon. Mën nga sàkku taxawu ak teewal ci wàllu yoon ci lu amul fay.

## YAN ÑOOY SAY WAREEFU DALAL?




**Yenn ci wareef yi nga wara sàmmuwanteel ñoo nekk ci suuf.**

- ✓ Toppal Yooni réew mi.
- ✓ Dalal ci rewum Italiete bul dem ci beneen réew bu bokk ci Réew yu booloo yu Órob yi wala ci réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin ci ludul ndigali kilafa yi.
- ✗ Bul joge ci berab bi kilafa yi wax fa nga wara dal te amuloo ci ndigal.
- ✓ Na nga yombalal bu baax kilifa yi liggéey bi ate nga topp seeniy ndigal. Sàmmonteel ak tërëlini berab bi nga dëkk.
- ✓ Joxal cër yeneen wey-dëkk yi, liggéeykt yi ak yeneen nit yi.
- ✓ Yëgalal kilifa yi lu aju ci sa mbiri koppar.
- ✓ Yëgalal kilifa yi lu aju ci sa tegtalu dëkkuwaay bi nga nekk ak ci sa xibaari jokoo (telefoŋ, nimero, bataaxal enternet) ak soppiku yu am yepp bu ko defee ñu mën laa woo saa su nekk.

## LAN MOOY XEW BOO SÀMMOOWUL AK SAY WAREEF?

Préfecture dinañu saytu sa tolluwaay te mën na am ñu jël dogal ci wàññi wala dàkkal yenn xeetu ndimbal yi. Kilifa yi dinañu la yëgalal dogal bini mel ci am mbind te dinañu la leeralal ban xeetu ndimbal la ñuy wàññi wala dàkkal.



### Ñu bàyyi ci xel!

**Mën na jot ndimbal yu gëna néew**, ci misaal, bu fekkee:

- da nga joge ci berab bi kilafa yi wax fa nga wara dëkk te amuloo ci ndigal.
- yombaluloo kilifa yi ligéey bi
- da nga fenn ci sa mbiri koppar
- sàmmoo wuloo ak tërëlini berab bi nga dëkk
- bokkuloo ci njang mi war mi
- da nga jogé ci réew mi te amuloo ci ndigël te ñu delloo la ci réew mii
- da ngaa bindu ba noppi ci beneen réew bu bokk ci Réew yu booloo yu Órob wala réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin ginaaaw gi nga joge ci réew ma.


**Mën nga ñàkk ndimbal li ngay jot** bu fekkee ni da ngay def fitna, dangay fitnaal ñeneen wala doo sàmmoo ak sàrti berab ba nga dal ci ay yoon yu bari wala ci anam yu tar. Suko defee, mën na am ñu woo alkaati yi ñu dugg si.



**Ñu bàyyi ci xel!** Soo sammoo wul ak waréefi dëkk yi ci barab bu xejjiku boobu ak yemale yi la war, te kilifa yi ragal nga dawaat:

- mën nañ la jàpp
- sa doxaliinu asile bi di nañ ko dakkal te di nañu jàppee sa bindu niki luñu dindi wala luñu nanguwul. Loolu mooy tekki ni dinga ñàkk sa tolluwaayu aji sàkku kaarange bitim réew ak sañ-sañ yi ci aju woon yepp.

## LAN MOOY XEW BOO TUKKEE CI BENEEN RÉEW MU BOKK CI RÉEW YU BOOLOO YU ÓROB WALA CI RÉEW YI ÀND AK ÑOOM CI DOXALIN LUDUL NDIGALU KILIFA YI?




**Fi ci rewum Italie:**

- sa doxaliinu asile bi di nañ ko dakkal te di nañu jàppee sa bindu niki luñu dindi wala luñu nanguwul.

**Ci réew bu bokk ci Réew yu booloo yu Órob wala réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin bi nga dem te amoo ci ndigal:**

- kilifa yi mën nañu jël dogal ci delloo la ci réew mi nga joge te amoo ci ndigal

Bula kilifa yi yëgalee ni jël nañu dogal ci delloo la, di nga amati yenn sañ-sañ, ci misaal:

- dootoo **jotati xeeti jàppale aki ndimbal yu bari**
- dootu **ñu la may nga ligeey**
- duñu la **may nga teewee njangum làkk wala njang mi ngir sàkku xam-xam yu bees.**

## MËN NGA FËSAL SA ÑÀKKA NÀNGU AB DOGAL BU TUKKEE CI KILIFA GI



Bu fekkee *kilifayi tewal nguour gui ci deuk bingua nekk Manam (préfecture)*

añu fas yeenee dakkal say sañ-sañ yaw aji bindu ji te nga jàpp ni loolu du yoon, **mën nga bañ dogal bi ci kanamu yoon**.

Mën nga dem ci yoon bu fekkee ni  tribunalou ki tewal gnour gui ci deuk bingua nekk  danio jël dogal ci:

- wàññi wala dakkal ndimbal yi ñu la joxoon
- baña nangu sa bindu ngir génn ci anam bu neggandiku ci ab barab bu xejjiku buñ la jagleel
- da nga wara dëkk ci ab barab buñ la jagleel

Meune ngua delou si yoon ci kilifa yoone biniou denk say mbiir boufeke gni yoor waloum karangue bi dafniou la beugue tëyë

Boo tukkee ci beneen réew bu bokk ci Réew yu booloo yu Órob wala réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin ci ludul ndigalu kilifa yi ba nga ñàkk yenn sañ-sañ yi ci dalal foofu, mën naga topp dogal bi ci kanamu yoon ca réew moomu.

Bu fekkee n kilifa yi dafa jël dogal ci wàññi wala dakkal ndimbalu dalal yi ñu la joxoon ndax tolluwaay yi ñu leeral ci xëtu 16, di nga wey di am yenn sañ-sañ. Ci misaal dinga mëna wey di gis ab doktoor wala ab fajkat, jot ay taxawu ci wàllu paj, yenn ndimbal yi [*Réew yu bokk ci réew yu boolo yu Órob yi ñoo wara dolli ay misaal, yu mel ni dundu*] ak ab berabu fanaanukaay niki la ko kilifa yi dogalee.

Xeetu ndimbal yi dinañu aju ci sa tolluwaay ak ci say soxla.

Bu fekkee kilifa yu réew bu bokk ci Réew yu booloo yu Órob wala réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin bi nga dem ci ludul ndigal dañoo jël dogal ci dàkkal ndimbalu dalal yi ngay am, xeetu ndimbal yi ngay wey di jot mi ngi aju ci sa tolluwaay ak ci say soxla.

## MËN NGA JOT NDIMBAL CI WÀLLU YOON



Boo bëggee fésal sa ñàkka nàngu dogal bi kilifa yi jël ci dàkkal jot bi ngay jot say yelleef ci kanamu ab àttekat, di ngajot ay taxawu ci wàllu yoon aki teewal yu amul fay, mi ngi aju ci sa tolluwaay.

Manaam ab xelalkat ci wàllu yoon wala ab awoka dina la dimbali. Xelalkat yi ci wàllu yoon wala awokaa yi  dinañu la defal ay taxawu ci wàllu yoon ci kanamu àttekat bi, dinañu la layal ngir sàmm say àqq te kilifa yi ak àttekat yi tënku ñu leen.

Mën nga tamit gis ab xelalkat ci wàllu yoon wala ab awokaa ci sa payooru bopp.




TKilifa yi dinañu la yëgal naka ngay bañee ab dogal ci kanamu yoon.

Mën nga saa bu la neexee sàkku ci kilifa yi, mbootay yu ajuwul ci genn nguur wala bànqaas buy saytu mbiri dawlàqqu te aju ci mbootaayu xeet yi (UNHCR) ngir am xibaar yu gëna yaatu, ba ci ag ndimbal ci wàllu taxawu ak teewal ci wàllu yoon ci lu amul fay.

Teere bi ngir joxe ay xibaar rek la. Nekkul ngir joxe ay sañ-sañ ak ay wareef. Mbootaayu Réew yu booloo yu Órob ngir dalal dawlàqqu yi (EUAA) moo joxe lu ëpp ci téere bi, réew yu bokk ci Réew yu booloo yu Órob rek la EUAA may ñu sotti ko wala soppi ko. EUAA amul lenn lumu warlu ci wéraayu xibaar yi nekk ci teere bi te tukkee ci réew yu bokk ci kureelu Réew yu booloo yu Órob, ci luñuy wund, ci seen mataay, ci seen dëppoo ak yoon wala ci seen wóoraay. Moo xam EUAA wala kepp ku koy ligeeyal du ñu leen toppee dara ci jëfandiku bu waay mëna def ci xibaar yi nekk teere bi.

© European Union Agency for Asylum, 2025